

## Kirundi

### Agatabo ka 2 Umugambi w' igihugu wo gufasha abagenda ubumuga ni iki?

Kano gatabo kateguwe n, ishirahamwe AMPARO Advocacy mu ntumbero yo kuronsa abantu bava mu miryango ifise imico n' indimi bitandukanye inkuru zisiguwe mu ndimi zabo kuvyerekeye umugambi w' igihugu wo gufasha abagenda ubumuga.

**Umugambi w' igihugu wo gufasha abagenda ubumuga** witwa NDIS Kandi ni uburyo bushasha bwo gufasha abagenda ubumuga kugirango baronke ukwitabwaho n' imfashanyo bakeneye. Uwo mugambi ni uw' ubuntu, w'igihugu rero uzoba co kimwe ku bantu bo muri Australia nzima. Uzoba waramaze kuboneka mu gihugu cose mu mwaka wa 2019, kandi uzotangura muri Queensland mu mwaka wa 2016. Abantu bagenda ubumuga baronka imfashanyo muri NDIS bitwa "Abitavye umugambi".

## Kwemeregwa

**Umugambi NDIS wagenewe abagenda ubumuga baba muri Australia kandi-**

- Bari musiy' imyaka 65 mugihe binjiye mu mugambi NDIS ubwa mbere
- Ari abenegihugu ba Australia canke bemerewe kuba ngaha bwego, canke ari umwenegihugu wa New Zealand akingiwe n' uburenganzira budasanzwe bumwemerera kuba mu gihugu.
- Bafise ubumuga butazobavako, bw' ubuzima bwabo bwose kandi bubangamira ubushobozi bwabo bwo gukora ibikorwa vyo mubuzima bwa misi yose.
- Kuba uri umunyagihu **canke** ubaho bwego vyemewe n' amategeko ya Australia, **canke** kuba uri umunyagihugu wa New Zealand akingiwe nuburenganzira budasanzwe bumwemerera kuba mugihugu.
- Kuba ufise ubumuga butazokira, "uzobumarana igihe kirekire" mu buzima bwawe kandi buhindura ubushobozi bwawe bwo gukora ibikorwa vyo mubuzima bwa misi yose.

Kubantu badashobora kwemeregwa umugambi NDIS ushobora kubahuzana n' aho boronka izindi mfashanyo zibakwiriyeye.

## Ihitamwo hamwe n'igenzura

Muri kahise, abantu beshi bagenda ubumuga muri Australia bakunze kwiyumva yuko bakumiriye mu buzima bw' abanyagihugu, kandi bari bafise uguhitamwo guto mu buryo imfashanyo zabo zatangwa. Mu mugambi wa NDIS, abitavye umugambi barashobora guhitamwo imfashanyo bifuzana n' ingene bazironka.

## Imfashanyo ijanye kandi ikenewe

Umugambi NDIS urashobora kukurihira imfashanyo zijanye kandi zikenewe. Ibi bisigura yuko imfashanyo ziba zifatye ku bumuga bw' umuntu kandi zikenewe kugirango ube mu buzima bwiza, kuja mu mirimo y' abanyagihugu no gushika ku migabo n' imigambi yawe. Ushobora kuronka imfashanyo muri NDIS mu gihe cose woba ukizikeneye ko zigufasha ku bumuga bwawe.

**Umugambi NDIS uratanga imfashanyo abantu bakeneye ngo babe mu buzima bw' imibano n' iterambere vy' abanyagihugu.** Ibi bishobora kubamwo-

- Kugira ubugenzi no kwiyumva ko uri kumwe n' abandi-kuba mu murungano n' abagenzi



- Kuja mu bikorwa vy' abanyagihugu n' ivy' imibano-harimwo n' ibikorwa vyo kwinezereza/kwisamaza
- Kuja kw' ishure, kwiga no kuronsa ubumenyi-nko kwiga kuri TAFE canke kaminuza
- Ibikorwa vy' imibereho ya misi yose muri rusangi-nko gufata ingingo, kuriha ivyo wakoreshije, no gutorera umuti ingorane.
- Guhanahana inkuru-nko gutanga inkuru no gutahura abandi
- Kwiyunguruza-nko kugendagenda impande y' inzu yawe no mu banyagihugu, canke kuronka ibikoresho canke ivyo wokwifashisha mu kwiyunguruza
- Ukwifasha hamwe n' ubufasha bwihariye muvy' amagara-nko gufashwa kwiyoga, kwiyambika no gufungura
- Ibikorwa vy' I muhira-nko gutegura imfungurwa no gusukura inzu yawe
- Akazi-nko kurondera akazi canke kugumana akazi

## Ivyo umugambi NDIS utazotangira imfashanyo

Umugambi NDIS ntuzotanga imfashanyo ku kintu cose-

- Kitajanye n' ubumuga bw' umuntu
- Kijanye n' uburyo bwo kubaho buri musi budafatiye kuvy' umuntu akeneye gufashwamwo
- Gikwiye guhabwa imfashanyo n' ikindi gisata nka: igisata c' uburezi, igisata c' intungamagara canke igisata kijejwe amazu
- Gishobora kugirira nabi abitavye umugambi canke abandi.

## Abana bagendana ubumuga

Umugambi NDIS urashobora kandi kugufasha kuronka imfashanyo y' umwana agendana ubumuga akiri muto. Imfashanyo ku mwana akiri muto ishobora gufasha kugabanya ibangamigwa ry' igihe kirekire rifatiye ku bumuga ku mwana wawe n' umuryango wawe.

## Kwitegura imbere y'igihe

Abantu barashobora gutangura kwiyumvira ubu ingene bifuzwa kuba mu buzima bwabo n' imfashanyo bazokenera kugirango babishikeko. Urashobora kwiyumvira imfashanyo ukeneye ubu kugirango imigabo n' imigambi yawe ije mu ngiro n' imfashanyo ushobora kuzokenera muri kazoza.



## Ingene ushobora kumenya ko ukwiye gufashwa mu mugambi NDIS

Ushobora gukoresha urutonde rw' ivyo umugambi NDIS ukurikiza kugirango ubone ko woshobora kuja mubakwiye kuronka imfashanyo z'umugambi w' igihugu wo gufasha abagendana ubumuga NDIS. Raba ku murongo ngurukanabumanyi-<http://www.ndis.gov.au/ndis-access-checklist>

Umugambi NDIS uzokenera inkuru zijanye n' ivyo ukeneye kugirango bashobore gufata ingingo yuko ushobora kuronka imfashanyo ku bumuga bwawe. Ushobora gusabwa kwuzuza urupapuro rusaba inkuru, canke ukavugana n' umuntu kuri terefone kugirango utange inkuru zijanye n' ubumuga bwawe, imyaka yawe n' inkuru zijanye n' ubwengehugu bwawe canke uburenganzira bwo kuba muri Australia. Inkuru n' ivya ngombwa ukenera gutanga(akarorero: icemezo c' ubumuga bwawe, icemezo c' aho uba, imyaka y' amavuko, n' ibindi) biriho ku murongo ngurukanabumanyi w' umugambi w' igihugu wo gufasha abagendana ubumuga NDIS.

**Niwaba uriko uraronka imfashanyo ku bumuga bwawe ubu**, ishirahamwe riguha iyi mfashanyo rirashobora kuguha inkuru kubijanye n' ivyo ukeneye k' umugambi w' igihugu wo gufasha abagendana ubumuga NDIS.

**Niwaba utariko uraronka imfashanyo ubu**, uzokenera gutanga inkuru z' ivyo ukeneye mu mugambi w' igihugu wo gufasha abagendana ubumuga NDIS. Urashobora guterefona NDIS igihe bariho aho uherereye. Urashobora kumenya igihe bari aho uherereye uciye ku murongo ngurukanabumenyi [www.ndis.gov.au](http://www.ndis.gov.au)

## Gukorana na NDIS

NDIS bazokurondera bamaze kuronka inkuru zawe bakubwire yuko bashobora kukuronswa imfashanyo. Mugihe uzoba ushobora kuronka imfashanyo muri NDIS bazoganira na we kugirango bamenye ivyo ukeneye n' imigambi n' imigambo yawe, imfashanyo ufise ubu n' ingene bogufasha. NDIS izokorana na we mu gutegura indinganizo ya mbere. Urashobora gutumira abandi bantu bakagufasha gutegura iyi ndinganizo kandi urashobora gusaba umusiguzi canke kuronswa inkuru zisiguwe mu rurimi wumva mugihe woba uzikeneye muri bino biganiro.

## Abantu bagendana ubumuga n' imiryango yabo

Ivyo abantu bagendana ubumuga bakeneye, harimwo n' ihitamwo ryabo n' ingingo zabo, nivyo umugambi NDIS ushimikirako mu gutegura indinganizo yo kubafasha, ariko uruhara gw' imiryango nagwo rurahambaye.

Abantu bagendana ubumuga barashobora gutumira umuryango n' abandi babafasha kugirango babafashe mu rutonde gw' indinganizo. Umugambi NDIS uzokwiyumvira uburyo wofasha umuryango gutanga imfashanyo ibandanya kandi uzogerageza gutahura uruhara gw' umuryango mu gihe co gutegura indinganizo yawe, harimwo n' imfashanyo batanga, ibindi bajejwe, n' intumbero zabo z' ubuzima. Umugambi NDIS urategera kandi yuko abantu bagendana ubumuga bashobora kwifuzza imfashanyo y' umuryango kugirango bafate ingingo babanje kwitondera, kandi bazoha agaciro ivyiyumviro vyabo, ubumenyi n' akamenyero kabo mu bintu.

## Niwaba ukeneye umusiguzi

Niwaba ukeneye umusiguzi kugirango ubaze ikibazo canke umenye ibindi vyinshi, hamagara igisata TIS kuri 131450 kandi usabe yuko boguhuza n' abo mu mugambi w' igihugu wo gufasha abantu bagendana ubumuga, 1800 800 110.

Ukeneye ayandi makuru ja ku murongo ngurukanabumenyi [www.ndis.gov.au](http://www.ndis.gov.au)



### Aya makuru yateguwe n' ishirahamwe AMPARO Advocacy Inc.

Nubwo habaye ukwitwararika kugirango izi nkuru zibe z' ukuri mugihe zasohorwa, ivyanditswe muri kano gatabo bitanga inkuru muri rusangi ariko zishobora kuba zidahuye neza n' ibihe urimwo, zitagezweho canke zidakwiye. Ibindi vyiyumviro kubijanye n' uko umwe wese ku giti ciwe amerewe zirakenewe cane.

Igenekerezo: Mukakaro 2017  
Version 2- July 2017



53 Prospect Road Gaythorne 4051  
[info@amparo.org.au](mailto:info@amparo.org.au), [www.amparo.org.au](http://www.amparo.org.au)  
Phone 3354 4900  
Interpreter 131 450